

APLIKASYON FCC SPEED TEST

Ede Mezire Vitès Entènèt Rapid La nan Pennsilvani

Pennsylvania
WORK SMART. LIVE HAPPY.

Aplikasyon Pou Teste Vitès nan Komisyon Kominikasyon Federal la (FCC) a kolekte done sou pèfòmans entènèt rapid sou aparèy mobil pou sipòte *Pwogram Etazini pou Mezire Entènèt Rapid*. Done yo kolekte nan aplikasyon an pral ede enfòmasyon efò koleksyon done DCC yo sou entènèt rapid yo. Biwo Entènèt Rapid Pennsilvani an ankouraje tout rezidan Pennsilvani yo pou telechaje ak itilize aplikasyon pou teste vitès sa a.



POUKISA SA ENPÒTAN?

Done sou tès vitès mobil kolektif yo se done ki plis presi epi ki plis ajou konsènan sèvis mobil yo nan Pennsilvani. Enfòmasyon yo kolekte nan aplikasyon an fè enpak dirèk sou finansman federal k ap vini nan Pennsilvani an pou elajisman ak deplwaman vitès entènèt rapid. Finansman sa a pral asire ke tout rezidan Pennsilvani yo genyen aksès nan entènèt modèn ki gen vitès rapid.

KESYON MOUN POZE SOUVAN

Kijan mwen ka jwenn aplikasyon an?

Aplikasyon an rele **Aplikasyon FCC Speed Test**. Li disponib sou Apple App Store pou aparèy iOS yo (ki pibliye pa devlopè SamKnows) oswa nan Google Play Store pou aparèy Android (ki pibliye pa devlopè FCCAPP yo). Chèche "FCC Speed Test" nan youn nan de magazen yo pou telechaje aplikasyon an.

Ki done tès la kolekte?

- Dat ak lè tès la
- Fabrikan ak modèl aparèy ki itilize a, ki gen ladan vèsyon sistèm eksplwatasyon an
- Pèfòmans koneksyon aparèy mobil – founisè sèvis, fòs ak kalite siyal radyo a, tip koneksyon, ak rezilta tès yo
- Kowòdone GPS (sèlman si ou aktive sèvis lokasyon yo)

Ki done tès la pa kolekte?

- Enfòmasyon ki ka idantifye moun pèsoneyman tankou non, nimewo telefòn, lokalizasyon (sof si li aktive), oswa idantifyan ki asosye ak aparèy ou an
- Tout done ki pibliye bay piblik la rete anonim

Kijan yo itilize/pataje done yo?

- FCC a itilize done ke aplikasyon an bay yo pou ede enfòmasyon desizyon regleman yo konsènan sèvis entènèt vitès rapid mobil
- FCC a kapab itilize done yo pou kreye kat ki aksesib pou piblik la ki endike disponiblite ak kalite sèvis entènèt vitès rapid mobil la.
- FCC a kapab aktyalize kapasite aplikasyon an alavni pou bay plis itilizasyon nan kad pwogram koleksyon done sou entènèt vitès rapid la.
- Tout chèche ki bezwen done brit yo (ki pa anonim) dwe siyen yon akò non-divilgasyon avèk FCC a

LÒT ENFÒMASYON ANPLIS

Ou ka aprann plis sou Aplikasyon FCC Speed Test la nan lyen ki annapre yo:

- [Avi sou Vi Prive ak Kondisyon Itilizasyon Aplikasyon FCC Speed Test la](#)
- [FAQ sou Aplikasyon FCC Speed Test](#)